



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON LI AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse uit nominasyon nan administrasyon li a, kontinye pou ajoute nan ekip dezyèm manda li a.

“Moun sa yo pral ede devlope sou pworgè ki te fèt pandan dènye katran yo nan pote nouvo lide ak inovasyon nan administrasyon an kòm nap chèche pou elaji plis opòtinite pou tout Nouyòkè yo. Mwen akeyi yo nan ekip la e map rete tann pou m travay avèk yo pou fè eta ale delavan.”

Matthew Driscoll pral jwenn nominasyon pou l travay kòm Komisyonè nan Depatman Transpòtasyon. Mesye. Driscoll anvansa te travay kòm Prezidan ak PDG Kòporasyon Environmental Eta New York, kote li te enplemanste nouvo modèl biznis ki pral lakòz nan yon dosye rekò investisman nan enfrastruktir dlo pwòp Eta New York. Mesye. Driscoll te okipe egalman yon kantite pozisyon kabinè nan administrasyon Gouvènè Cuomo, enkli Ko-Prezidan Gwoup Travay Rekipèrasyon Tanpèt Eta New York, manm nan Ekip Evalyasyon Enplemantasyon Stratejik pou ede nan pwogrè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal, ak manm konsèy nan Komisyon Restriktirasyon Finansye, sa ki delivre solisyon ki vize pou ede minisipalite New York sou kontrent bidjè. Anvan wòl sa yo, Mesye. Driscoll te eli de fwa majistra nan Vil Syracuse. Kòm Majistra, Plan dakasyon Mesye. Driscoll pou inisyativ dirabilite konsèvasyon enèji ak efò pwoteksyon anviwonman ki te jwenn rekonesans nasyonal nan Syracuse. Li te etabli tou yon pwogram pèfòmans ki baze sou responsabilite pou gouvènman vil la, ki rele SyraStat, sa ki ekonomize plizyè milyon dola pou kontribyab yo nan vil la. Nominasyon Mesye. Driscoll pral bezwen konfimasyon sena.

Ron Thaniel te jwenn nominasyon kòm Sekretè Adjwen pou Transpòtasyon. Mesye. Thaniel gen preske de deseni eksperyans transpòtasyon nan nivo federal, eta, lokal ak entènasyonal sou investisman ki nesese pou rebati ak modènize enfrastruktir transpòtasyon. Anvansa li te travay kòm Fondatè ak Direktè nan Thaniel Government Relations LLC, yon konpayi konsiltasyon transpòtasyon. Anvansa, Mesye. Thaniel te yon Direktè Egzekitif nan Asosyasyon Nasyonal Fonksyonè Transpòtasyon Vil New York, kote li te konn konseye komisyonè transpòtasyon vil la sou re-otorizasyon federal pou otowout ak pwogram transpòtasyon. Mesye. Thaniel te sèvi kòm Direktè Egzekitif Adjwen pou Konferans Majistra Etazini yo nan Washington, D.C. de 2002 a 2007 e ankò de 2008 a 2011, kote li te dirije politik transpòtasyon epi reprezante majistra yo

devan Kongrè a ansanm avèk ajans federal yo ak devan òganizasyon entènasyonal ak gouvènman yo. Mesye. Thaniel te egalman Direktè Afè Gouvènman – Northeast United States pou Amtrak e li te èd transpòtasyon pou ansyen Majistra Minneapolis Sharon Sayles Belton. Prezante pa Governing Magazine kòm “Moun ki dèyè Avni Transpòtasyon Etazini,” Mesye. Thaniel te travay sou komite egzekitif plizyè òganizasyon transpòtasyon, e li se yon manm nan Washington, D.C. transportation think tank Eno Center pou Politik Transportation. Mesye. Thaniel gen yon Bakaloreya nan Morgan State University ak yon M.P.A. nan Hamline University.

Karen Rae te jwenn nominasyon kòm Konseye Prensipal pou Livrezon Pwojè Inovatif pou Devlopman Empire State. Mesye. Rae, yon ekspè ki rekoni nasyonalman nan transpòtasyon avèk plis pase 35 ane eksperyans, anvansa li te travay kòm Sekretè Adjwen pou Transpòtasyon Gouvènè Cuomo, yon pozisyon li te okipe depi 2011. Nan wòl sa, li te sipèvizè ak kowòdone bidjè, politik ak inisyativ Gouvènè a nan pòtfèy transpòtasyon, enkli Depatman Transpòtasyon Eta New York, New York State Thruway/Canals corporation, MTA, Depatman Motè Veyikil, Pò Otorite NY/NJ ak New York State Bridge Authority. Li te enplike dirèkteman nan reprezante Gouvènè Cuomo pandan pasaj premye lejislasyon Design/Build Eta New York, kowòdone efò ajans transpòtasyon pou akselere revizyon ak apwovizyonman pwojè. Avan li te rantre nan administrasyon Cuomo a, li te Administratè Adjwen Federal Railroad Administration nan Administrasyon Obama a, kote li te jere inisyativ tren gwo vitès federal la epi li te devlope politik sou transpò nasyonal machandiz ak pasaje. Anvan wòl sa, Madam. Rae te Komisyonè Adjwen nan Depatman Transpòtasyon Eta New York e, anvansa, Direktè Virginia Department of Rail ak Transpòtasyon Piblik, dirije efò pou negosye avèk siksè yon kontra patenarya piblik/prive ak garanti otorizasyon pou avanse Pwojè, Dulles Rail. Madam. Rae te nome WTS International Woman nan ane 2010. Li gen yon Bakaloreya nan East Stroudsburg State College.

Lola W. Brabham te jwenn nominasyon kòm Komisyonè Egzekitif Adjwen nan Depatman Sèvis Sivil. Anvansa, Madam. Brabham te sèvi kòm Komisyonè Adjwen pou Administrasyon ak Ofisye Anchèf ak Finans pou Depatman Travay Eta e, anvansa, li te Chèf Adjwen Egzaminatè Bidjè pou Divizyon Bidjè Eta. Li te Sekretè Adjwen pou Sante, Medicaid ak Sipèvizè ak Direktè Sèvis Imen nan Chanm Egzekitif sou Gouvènè David Paterson. Li te egalman yon Analis Bidjè Egzekitif pou Komite Asanble a sou Fason ak Mwayen ak nan kòmansman karyè l, li te Chèf Kabinè pou Manm Asanble N. Nick Perry. Madam. Brabham gen de bakaloreya nan Jistis Kriminèl ak Sosyoloji nan State University of New York ak yon M.P.A. nan Rockefeller College of Public Affairs ak Politik.

Christopher J. Schoepflin te jwenn nominasyon kòm Direktè Rejyonal Lwès New York, Dierktè Inisyativ Spesyal & Prezidan USA Niagara. Meye. Schoepflin te travay kòm Prezidan Kòporasyon an depi 2005 e li pral gen plis responsabilite kòm Direktè Rejyonal ak Direktè Inisyativ Spesyal. Li te travay anvansa kòm Manadjè Prensipal Pwojè pou Kòporasyon an, e, anvan tan li te pase la, li te travay pou Buffalo Sabres pou dizan, enkli senkan antanke Manm prensipal nan ekip jesyon an. Mesye. Schoepflin gen yon Bakaloreya nan Administrasyon Biznis nan State University of New York.

Felisa Hochheiser te jwenn nominasyon kòm Avoka Espesyal pou Prezidan ak PDG pou Etik, Risk ak Konfòmite pou Empire State Development, kote li pral travay avèk Direktè Konfòmite ESD ak Avoka Prensipal pou Etik. Pou plis pase senkan, Madam. Hochheiser te travay kòm Direktè Investigative Reporting ak Avoka Espesyal nan Biwo Enspektè Jeneral Eta New York, kote li te dirije gwo investigasyon yo an aktivite kriminel ak abi nan biwo Eta New York. Anvasa, li te grefye jiridik prensipal pou Jij Tribinal Siprèm Eta New York Richard Lee Price. Li te yon adjwen tou nan Hochheiser & Hochheiser, LLP. Madam. Hochheiser te gen yon Bakaloreya nan Barnard College, Columbia University ak yon Doktora nan Benjamin N. Cardozo School of Law.

Barbara Comminos Kruzansky te jwenn nominasyon kòm Avoka Espesyal pou Komisyonè Etik, Risk ak Konfòmite pou Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi. Madam. Kruzansky pi resamman te sèvi kòm Avoka nan Rezidans Albany Law School's Government Law Center, kote li te travay sou pwojè priyorite yo pou Law School's legal ak sant rechèch politik piblik. Li te travay anvasa kòm Avoka Prensipal pou Tribinal Apèl Eta New York. Madam. Kruzansky gen yon Bakaloreya nan Cornell University ak yon Doktora, summa cum laude, nan Albany Law School of Union University.

Adam W. Silverman te jwenn nominasyon kòm Avoka Espesyal pou Komisyonè a pou Etik, Risk ak Konfòmite pou Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè. Mesye. Silverman anvasa te travay kòm Adjwen nan Greenberg Traurig LLP konsantre sou konfli sivil konplèks, regilasyon, ak lwa administratif, investigasyon gouvènmantal ak litij, ak medya ak lwa sou premye amannman. Anvan ke li te rejwenn Greenberg Traurig LLP, li te travay nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York kòm yon Pwokirè Jeneral adjwen nan Biwo Litij la. Pandan li te la Mesye. Silverman te reprezante ajans yo nan eta ansanm avèk anplwaye yo e li te avoka pwojè pou anplwaye leta nan sis pwojè federal diferan. Li pase tan lib li kòm yon avoka volontè nan Legal Project nan Albany, NY, kote li te benefisyè Prim Stanley A. Rosen Memorial pou Sèvis Viktim Vyolans Domestik nan 2014. Mesye. Silverman gen yon Bakaloreya nan George Washington University ak yon Doktora nan Albany Law School.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418